

ESPLIKASYON POU RANPLI FÒM SSA-827

ESPLIKASYON SA YO AN KREYÒL AYISYEN POU FÈ OU KONNEN SA KI MAKE SOU FÒM SSA-827 KI AN ANGLE A. OU DWE SIYEN, DATE VESYON FÒM SSA-827 KI AN ANGLE A, EPI VOYE LI NAN BIWO SEKIRITE SOSYAL KI NAN ZÒN OU RETE A POU YO KA TRAVAY SOU DOSYE DEMANN ENFIMITE W LA.

Dosye KI MOUN pou yo Divilge

Tanpri bay prenon w, dezyèm non w ak siyati, nimewo sekirite sosyal ou ak dat nesans ou.

PÈMISYON POU DIVILGE ENFOMASYON BAY ADMINISTRASYON SEKIRITE SOSYAL (SSA) ENFÒMASYON

**** TANPRI LI TOUT FÒM LAN ANVAN OU SIYEN PI BA A ****

Mwen bay pèmisyon san yo pa fòse mwen epi mwen mande pou yo montre enfòmasyon mwen (tankou echanj sou papyè, nan bouch, epi sou òdinatè):

DIVILGASYON KISA Tout dosye medikal mwen; epitou dosye edikasyon mwen ak lòt enfòmasyon ki asosye ak kapasite mwen genyen pou travay. Sa gen ladan pèmisyon espesifik pou yo divilge:

1. Tout dosye ak lòt enfòmasyon sou tretman mwen, ospitalizasyon mwen ak swen an deyò lopital ke mwen resevwa pou andikap mwen an (yo) tankou, men ka gen lòt bagay tou:
 - Sikolojik, sikyatrik oswa lòt pwoblèm mantal (“dosye sikoterapi” jan li make nan 45 CFR 164.501 pa ladann)
 - Abi dwòg, alkòl oswa lòt bagay
 - Anemi falsiòm
 - Dosye ki ka endike prezans yon maladi kontajye oswa maladi ki pa transmisib ak tès oswa dosye konsènan VIH/SIDA
 - Pwoblèm jenetik (tankou rezilta tès jenetik)
2. Enfòmasyon sou kouman enfimite mwen an anpeche m fini sa m kòmanse fè ak aktivite chak jou epi afekte kapasite mwen pou mwen travay.
3. Kopi tès oswa evalyasyon edikasyon, tankou Pwogram Edikasyon Endividyèl, evalyasyon chak twa lane, evalyasyon sikolojik ak evaliyasyon jan mwen pale, epi nenpòt ki lòt dosye ki ka ede evalye fonksyon m; ansanm ak evaliyasyon ak obsèvasyon pwofesè.
4. Enfòmasyon ki te kreye nan dènye 12 mwa apre dat mwen siyen pèmisyon an, ansanm ak ansyen enfòmasyon.

DIVILGASYON DE KI MOUN

- Tout sous medikal (lopital, klinik, laboratwa, doktè, sikolog, elatriye) ansanm ak kote ki bay swen sante mantal, koreksyonèl, tretman pou adiksyon, ak lot enstitisyon ki bay swen sante pou veteran
- Tout sous edikasyon (lekòl, pwofesè, administratè dosye, konseye, elatriye).
- Travayè sosyal/konseye reyabilitasyon
- Ekzaminatè Konsiltan ke SSA itilize
- Patwon, konpayi asirans, pwogram endemizasyon anplwaye yo
- Lòt moun ki ka konnen kondisyon mwen (fanmi, vwazen, zanmi, ofisyèl piblik)

BAY KI MOUN

Administrasyon Sekirite Sosyal la ak ajans Leta bay pèmisyon pou travay sou dosye mwen an (dabitid yo rele li “sèvis detèminasyon enfimite”), **ansanm ak kontraktè sèvis kopi, ak doktè oswa lòt pwofesyonèl ki konsilte pandan yo ap travay sou dosye a.** [Epitou, pou demann entènasyonal, bay Depatman Leta Etazini nan Sèvis Etranje (U.S. Department of State Foreign Service Post)].

OBJEKTIF

Detèmine si mwen **kalifye pou benefis**, pandan yap gade efè konbine nenpòt ki enfimite mwen genyen, ki pa yo menm poukont yo gen dwa pa ranpli kritè definisyon enfimite SSA a genyen an, epi yap gade tou si wi ou non mwen ka jere benefis sa yo.

Make bwat la ki agòch la sou fòm SSA-827 an Anglè a si n ap detèmine si wi ou non ou kapab jere benefis ou yo SÈLMAN (tcheke sèlman si sa aplike).

LÈ LI ESPIRE

Pèmisyon sa a bon pou 12 mwa de dat li siyen an (siyati mwen an anba a).

- Mwen bay pèmisyon pou yo sèvi ak yon kopi fòm sa a (ansanm ak yon kopi elektwonik) pou yo ka divilge enfòmasyon ki dekri pi wo yo.
- Mwen konprann ke gen kèk sikonstans kote yo ka divilge enfòmasyon sa yo bay lòt pati (gade paj 2 pou detay).
- Mwen ka ekri SSA ak sous mwen yo pou mwen revoke pèmisyon sa a nenpòt ki lè (gade paj 2 pou detay).
- SSA pral ba mwen yon kopi fòm sa a si mwen mande li; Mwen ka mande sous la pou pou pèmèt mwen enspekte oswa resevwa yon kopi enfòmasyon yo pral divilge a.
- Mwen li tou de paj fòm sa a epi mwen dakò a divilgasyon pi wo yo ki soti nan kalite sous ki mansyone nan on lis yo.

*****TANPRI SIYEN AVÈK LANK BLE OSWA NWA SÈLMAN.**

<u>MOUN ki ap bay pèmisyon pou divilgasyon an</u> Moun nan dwe siyen epi make dat la sou fòm pèmisyon sa a, epi mete adrès ri, vil, eta ak kòd postal li, nimewo telefòn li ak kòd lokal telefon li.	Si li pa siyen pa moun kap gen enfòmasyon l divilge a, eslike sou ki baz otorite moun ki siyen an siyen. Make bwat ki koresponn nan sou fòm SSA-827 an angle a pou fè konnen si moun ki siyen an se paran yon minè, gadyen, oswa lòt reprezantan pèsonèl minè a (eslike). Siyen fòm SSA-827 an angle a kote yo bay la si lalwa Eta a oblije gen de (2) siyati.
--	--

Temwen: Nan seksyon fòm SSA-827 an angle sa a , yon moun ki konnen moun ki ap siyen fòm sa a dwe siyen kòm temwen epi bay nimewo telefòn li oswa adrès li. Gen plas pou yon dezyèm temwen si gen bezwen.

Yo fè fòm pou bay pèmisyon espesyal divilgasyon sa a pou swiv pwovizyon règleman konsènan divilgasyon enfòmasyon medikal, edikasyonèl ak lòt enfòmasyon dapre P.L. 104-191 (“HIPAA”); 45 CFR pati 160 ak 164; 42 Seksyon Kòd Etazini 290dd-2; 42 CFR pati 2; 38 Seksyon Kòd Seksyon 7332; 38 CFR 1.475; 20 Seksyon Kòd Etazini 1232g (“FERPA”); 34 CFR pati 99 ak 300; ak lwa Leta.

Esplikasyon Fòm SSA-827, “Pèmasyon pou Divilge Enfòmasyon bay Administrasyon Sekirite Sosyal la (SSA)”

Nou bezwen ou ba nou pèmasyon ou pa ekri pou ede nou gen enfòmasyon nou bezwen pou nou ka travay sou reklamasyon w la epi pou nou ka detèmine kapasite ou genyen pou jere benefis ou yo. Lwa yo ak règleman yo oblije ke moun ki ap divilge enfòmasyon pèsònèl sou ou ba nou yo dwe gen yon papye ke ou siyen ki bay pèmasyon ou pou yo montre nou enfòmasyon sa yo. Epi tou lalwa mande ou bay pèmasyon espesyal pou yo montre enfòmasyon sou kèk kondisyon ou genyen epitou nou pran enfòmasyon nan men kèk sous edikasyon.

Ou ka bay pèmasyon sa a lè ou siyen fòm SSA-827. Lalwa Federal pèmèt kote ki gen enfòmasyon sou ou pou yo divilge enfòmasyon sa yo si ou siyen yon sèl pèmasyon pou divilge enfòmasyon ou ta genyen soti nan tout sous posib ou yo. Nou pral fè kopi pèmasyon sa a pou chak kote yo. Yon antite ki kouvri (sa vle di, yon sou enfòmasyon medikal konsènan ou menm) gen dwa pa kondisyon tretman, pèman, enskripsyon, oswa kalifikasyon pou benefis si wi ou non ou siyen fòm otorizasyon sa a. Gen kèk eta, ak kèk kote ki oblije ke pèmasyon ou bay la make egzakteman non kote ou bay pèmasyon pou divilge enfòmasyon pèsònèl ou. Nan ka sa yo, nou ka mande ou pou siyen yon fòm pèmasyon pou chak kote sa yo epi nou ka antre an kontak ak ou ankò si nou bezwen ou siyen plis fòm pèmasyon.

Ou gen dwa pou ou revoke pèmasyon ou ba nou nenpòt ki lè, esepite nan mezi ke yon sous enfòmasyon te deja baze yo sou otorizasyon w lan pou pran yon aksyon. Pou revoke pèmasyon ou te bay la, ekri yon deklarasyon voye bay nenpòt Biwo Sekirite Sosyal yo. Si ou fè sa, voye yon kopi deklarasyon pou bay nenpòt nan kote ou pa vle ki divilge enfòmasyon ba nou yo ankò; SSA ka di ou si nou idantifye nenpòt kote ki ba nou enfòmasyon ke ou pat di nou. SSA ka sèvi ak enfòmasyon yo montre nou anvan ou te deside retire pèmasyon ou te ba nou anvan revokasyon pèmasyon w lan pou pran desizyon sou demann ou a.

Se règleman SSA pou bay moun ki pa pale angle byen sèvis nan lang manman yo oswa lang yo pito pale a dapre Lòd egzekitif 13166 (11 Dawou, 2000) ak Lwa sou Edikasyon Moun ki Andikape. SSA fè tout efò rezonab pou asire ke yo ba ou enfòmasyon ki nan fòm SSA-827 an make nan lang manman oswa nan lang ou pi pito a.

ENFÒMASYON ENPÒTAN, ANSANM AK EGZIJANS AVI LWA SOU ZAFÈ PRIVE A

Lwa sou Zafè Prive 1974 la pwoteje tout enfòmasyon pèsònèl SSA ranmase sou ou. On fwa yo divilge enfòmasyon medikal ou bay SSA, pwovizyon 45 CFR pati 164 [mandated pa Lwa sou Reskonsablite Asirans Sante (Health Insurance Portability and Accountability Act (HIPAA))] sou enfòmasyon prive zafè sante prive sante pa pwoteje enfòmasyon sa a ankò. SSA kenbe enfòmasyon pèsònèl selon orè strik ki etabli ak Administrasyon Dosye ak Achiv Nasyonal. Lè dosye a paka sèvi ankò, yo detwi li selon pwovizyon sou zafè prive yo, jan li make nan 36 CFR pati 1228.

SSA gen pèmasyon pou li ranmase enfòmasyon ki sou fòm SSA-827 la nan seksyon 205(a), 223(d)(5)(A), 1614(a)(3)(H)(i), 1631(d)(1) ak 1631 (e)(1)(A) Lwa Sekirite Sosyal. Nou sèvi ak enfòmasyon nou resevwa sou fòm sa a pou nou wè si ou kalifye pou benefis, oswa mentni elijiblite, ak kapasite pou dirije nenpòt benefis ou resevwa yo. Dabitid yo sèvi ak enfòmasyon an pou ajans Leta ki ap travay sou dosye ou la revize enfòmasyon an epi pou fè kontwòl kalite moun nan SSA. Nan kèk ka, moun ki ap travay nan SSA yo ki travay sou demann ou fè pou rekonsidere yon desizyon, oswa envestigatè yo pou rezoud yon pwoblèm fwòd oswa abi, ka revize enfòmasyon ou. Yo ka sèvi ak enfòmasyon ou tou pou nenpòt ki aksyon administratif, sivil oswa kriminèl.

Ou siyen fòm sa a si ou vle, men si ou pa siyen li, oswa ou retire pèmasyon ou te bay anvan nou resevwa enfòmasyon nou bezwen an, sa ka anpeche nou pran yon desizyon a tan sou demann ou a, epi sa ka fè nou refize ba ou oswa ou pèdi benefis ou. Malgre nou prèske pa janm sèvi ak enfòmasyon nou jwenn sou fòm sa a pou ankenn lòt bagay ke sa nou make pi wo a, SSA ka divilge enfòmasyon sa a san li pa gen pèmasyon w si lwa Federal yo tankou Lwa sou Zafè Prive ak Lwa Sekirite Sosyal ba li otorizasyon. Pa ekzanp, SSA ka montre enfòmasyon ou:

1. Pou pèmèt yon lòt moun (tankou doktè ki ap konsilte ou) oswa lòt ajans gouvènman pou asiste SSA pou etabli dwa pou ou resevwa benefis Sekirite Sosyal ak/oswa kouvèti asirans;
2. Dapre lwa ki pèmèt yo divilge enfòmasyon ki sou dosye Sekirite Sosyal yo (tankou, bay Enspektè Jeneral la, ba ajans Federal oswa Leta oswa òdinatè yo, oswa bay Depatman Zafè Veteran yo [Department of Veterans Affairs (VA)];
3. Pou rechèch estatistik ak aktivite ankèt pou asire ke pwogram Sekirite Sosyal yo kenbe entegrite yo epi amelyore sèvis yo (tankou Biwo kap konte popilasyon an ak zafè prive sou kontra ak SSA).

SSA pap re-divilge enfòmasyon sa yo, san yo pa gen otorizasyon davans a lekri: (1) an rapò ak abi alkòl ak/oswa dwòg jan li make nan 42 CFR pati 2, oswa (2) an rapò ak dosye edikasyon yon timoun ki gen mwens pase dizwit lane dapre 34 CFR pati 99 [Lwa sou Zafè Prive ak Dwa Edikasyon Fanmi (Family Educational Rights and Privacy Act (FERPA))], oswa (3) sou sante mantal, andikap devlopman, SIDA oswa VIH.

Nou ka sèvi ak enfòmasyon ou ba nou an tou lè nou konpare dosye yo nan òdinatè. Pwogram konparezon nou yo konpare dosye nou yo ak lòt dosye Federal, Leta oswa ajans gouvènman lokal yo. Anpil ajans ka sèvi ak pwogram konparezon dosye sa yo pou chache oswa pou pwouve ke yon moun kalifye pou resevwa benefis gouvènman Federal peye. Lalwa pèmèt nou fè sa menm si ou pa dakò pou nou fè sa.

Ou ka jwenn esplikasyon sou kèk rezon posib nou genyen pou nou itilize oswa divilge nan nenpòt Biwo Sekirite Sosyal.

LWA SOU REDIKSYON PAPYE BIWO

Koleksyon enfòmasyon sa a ranpli kritè egzijans 44 U.S.C. § 3507, dapre chanjman nan Seksyon 2 Lwa 1995 sou Rediksyon Papye Biwo. Ou pa bezwen reponn kesyon sa yo, a mwens ke nou montre yon bon nimewo kontwòl Biwo Jesyon ak Bidjè. Nou estime ke li pral pran ou apeprè 10 minit pou ou li esplikasyon yo, ranmase done yo, epi reponn kesyon yo. **VOYE OSWA POTE FÒM OU RANPLI A BAY BIWO SEKIRITE SOSYAL KI NAN ZÒN OU A. Biwo a make nan anyè telefòn ou a anba U.S. Government agencies (ajans Gouvènman Etazini) oswa ou ka rele Sekirite Sosyal nan 1-800-772-1213. Ou ka voye kòmantè sou tan nou estime a pi wo a ba: SSA, 1338 Annex Building, Baltimore, MD 21235-6401. Voye kòmantè sou tan nou estime a sèlman nan adrès sa a. Pa voye fòm ou ranpli a nan adrès sa a.**